

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dikasangukangan ku pasalia paham antara unggal panyatur dina konvérsasi anu sok disababkeun ku salasihiji bagéan tina adegan konvérsasi nyaéta wanda topikna hususna topik sambung luncat. Ku kituna, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nyungsi jeung ngadéskripsikeun adegan konvérsasi dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri. Ari déskripsina ngawengku tilu hal, nyaéta 1) pola konvérsasi, 2) wanda topik konvérsasi, jeung 3) prinsip gawé bareng dina konvérsasi.

Dumasar hasil data konvérsasi anu ngawengku 54 paguneman dina 7 carpon, bisa dicindekkeun yén data paguneman anu satuluyna dianalisis téh mangrupa paguneman antara dua palaku atawa leuwih dina sakontéks situasi.

Pola konvérsasi nu katitén dina ieu panalungtikan aya opat pola nu papasinganana dumasar kana jumlah panyatur dina paguneman anu satuluyna dipapasingkeun deui gumantung kana gilir wicara unggal panyaturna. Pola 1 : $AK \rightarrow P1 - Pa2 - (n)$ diwangun ku dua palaku, pola 2 : $AK \rightarrow P1 - Pa2 - P3 - Pa1 - P2 - Pa3$ diwangun ku tilu palaku nu kabagi kana tujuh sub pola, pola 3 : $AK \rightarrow P1 - Pa2 - P3 - Pa4 - P2 - Pa3 - P4$ diwangun ku opat palaku nu kabagi kana tujuh sub pola, sarta pola 4 $AK \rightarrow P1 - Pa2 [3x] + P3 + Pa4 + P1 + Pa5 + P6 - Pa2 - P6 - Pa2 - P6$ diwangun ku genep palaku. Paguneman dina ieu panalungtikan panglobana diwangun ku pola konvérsasi nu lumangsung antara dua palaku nyaéta pola adegan konvérsasi 1.

Disawang tina kaédah konvérsasi kapanggih aya tilu wanda topik konvérsasi nyaéta topik salancar, topik jembar, jeung topik sambung-luncat. Dina ieu panalungtikan kapaluruh sakabéh wanda topik anu mangrupa bagéan tina kaédah konvérsasi. Tina tilu wanda topik konvérsasi nu kapaluruh, panglobana data paguneman kaasup kana wanda topik salancar.

Salasihiji prinsip konvérsasi nyaéta prinsip gawé bareng. Prinsip gawé bareng kabagi deui jadi opat maksim, nyaéta; 1) maksim kuantitas nu nuduhkeun yén omongan nu dikedalkeun ku panyatur kudu ngadeudeul atawa méré kontribusi sacukupna atawa luyu jeung anu dipikabutuh ku pamiarsa, 2) maksim kualitas nu nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur atawa pamiarsa nyoko kana eusi anu saenyana (fakta), teu dijieun-jieun, 3) maksim kasaluyuan (rélevansi) nu nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur atawa pamiarsa kudu luyu jeung pasualan anu dicaritakeun, jeung 4)

maksim cara nu nuduhkeun yén kalimah atawa omongan anu dikedalkeun ku panyatur atawa pamiarsa kudu langsung, teu samar atawa nimbulkeun rupa-rupa tafsiran (ambigu) jeung teu kaleuleuwihi. Salian ti éta, maksim cara ogé biasana dituduhkeun ku ayana cara dina milampah atawa ngalakukeun hiji hal.. Dina ieu panalungtikan kapaluruh sakabéh maksim dina prinsip gawé bareng. Tina opat maksim dina prinsip gawé bareng, maksim anu sering dipaké nyaéta maksim kasaluyuan.

5.2 Implikasi

Sabada nganalisis adegan konvérsasi nu ngawengku pola konvérsasi, wanda topik konvérsasi, jeung prinsip gawe bareng dina kumpulan carpon *Nadran* karya Ahmad Bakri, hasil panalungtikan anu kapanggih bisa ngeuyeuban pangaweruh hususna ngeunaan pragmatik dina karya sastra kumpulan carpon. Salian ti éta, pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan adegan konvérsasi nu dijerona ngawengku pola konvérsasi dina paguneman, wanda topik dina paguneman, ogé prinsip gawé bareng anu nyampak dina paguneman. Satuluyna dipiharep sangkan pamaké basa maham kana faktor nu nyababkeun pasalia paham nalika komunikasi basa ku lantaran ayana salasahiji bagéan tina adegan konvérsasi nyaéta topik sambung-luncat.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu bisa ditepikeun. Kahiji, dina ieu panaluntikan saukur nalungtik ngeunaan adegan konvérsasi anu dijerona ngawengku pola konvérsasi, wanda topik konvérsasi, jeung prinsip gawé bareng dina karya sastra nyaéta kumpulan carpon. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan adegan konvérsasi nu ngawengku prinsip konvérsasi lianna teu ngan prinsip gawé bareng hungkul. Kadua, pikeun panalungtik séjénna, dipiharep bisa nalungtik dina bahan ulikan nu séjénna saperti dina kagiatan komunikasi sapopoé atawa nu patali jeung pangajaran.